

**ANALISIS RELASI MAKNA PADA PUISI MENGAPA LUKA TIDAK
MEMAAFKAN PISAU KARYA M. AAN MANSYUR SERTA
PEMANFAATANNYA SEBAGAI BAHAN AJAR KELAS X DI SMA**

oleh

Upik Laila Hanum

NIM 185030106

ABSTRAK

Elmu basa kalebet kana ranah Linguistik anu dilebetna aya sababaraha jinis kajian ngeunaan basa, sapertos sora dina basa, susunan wangun kecap, struktur dina kalimat, oge makna. Salah sahiji jinis tina elmu Linguistik anu patali sareng makna nyaeta Semantik. Makna mangrupi ekspresi sasauran ku panutur ka lawan tutur ngeunaan maksud anu ditangtoskeun. Salah sahiji aosan Semantik nyaeta patalian makna anu dilebetna diajar ngeunaan sinonimi, antonimi, polisemi, homonimi, hiponimi jeung hipernimi, redundansi, jeung ambiguitas. Ngeunaan patalian makna, yen masih seer keneh murangkalih kelas X anu kasesahan maos ngeunaan patalian antarmakna, hususna dina wangun puisi. Panalungtikan ieu ngagaduhan tujuan kanggo masihan pangartosan sabundelna ngeunaan patalian makna dina puisi oge nyayogikeun bahan atikan anu inovatif ngeunaan materi puisi nyesuaikeun sareng palaturan dina Kurikulum 2013. Anapon anu janten padika dina panalungtikan ieu nyaeta jinis kualitatif. Sumber datana nyeta sumber data sekunder. Anapon teknik pangempelan data anu dianggo diantawisna, dokumentasi, sareng aosan Pustaka. Kening tina panalungtikan ieu diantawisna, nayeta kapendak 51 data anu nagndung patalian makna tina 21 puisi anu ditangtoskeun. Anapon data patalian makna eta, nyeta ambiguitas aya 1 data; antonimi aya 23 data; hiponimi sareng hipernimi aya 3 data; homonimi aya 2 data; polisemi aya 10 data; sinonimi aya 10 data; redundansi aya 2 data. Kening analisis ieu salajeungna dijantenkeun bahan atikan anu tiasa ngarojong kana proses pangajaran Basa Indonesia dina KD 3.17 Menganalisis unsur pembangun puisi. Bahan atikan anu didamel parantos divalidasi ku expert judgement sareng kening nilai rata-rata 92, lebet kana kategori luyu/sae, margina tiasa disimpulkeun yen bahan atikan ieu tiasa dianggo pikeu pangajaran materi puisi.

Kecap Pokok: Analisis, Bahan Atikan, Puisi, Patalian Makna